



Vil Boston  
Majistra Martin J. Walsh  
Trezò

# Administratè Don Byenfzans pou moun ki Rete Boston yo

Administratè Don Byenfzans pou Moun ki Rete Boston Boston yo (*Trustees of Charitable Donations for Inhabitants of Boston, ToCD*), se yon ajans byenfzans piblik ki fèt ak plizyè ti fon prive yo konfyè bay Vil Boston pou ede rezidan Vil la ki gen difikilte finansye. Yon Konsèy Administratif ki reprezante yon echantyon divès nan rezidan Boston yo, revize aplikasyon yo epi apwouve asistans sibvansyon an chak mwa. Sibvansyon yo se pou ede rezidan Vil la rebran estabilite finansye yo e yo limite yo a yon kado pa fanmi yon sèl fwa.

## Kijan ToCD a ede?

**Q. Ki moun ki ka jwenn asistans?**

A. Rezidan Boston yo sèlman.

**Q. Kisa ki kalifye pou asistans?**

A. Bòdwo lwaye ak sèvis piblik ki anreta ki gen balans \$2000 oswa pi piti, lwil pou chofe kay, ak asistans pou demenajman nan sèten sikonstans.

**Q. Èske gen okenn eksepsyon nan limit \$2,000?**

A. Si balans ki anreta a pi gwo pase \$2,000, men aplika an kalifye pou yon plan peman avèk kreditè a, ToCD ka petèt bay asistans.

**Q. Kisa ki PA kalifye pou asistans?**

A. Bòdwo telefòn oswa telefòn selilè, reparasyon machin, ekolaj, prè pou edikasyon, frè lisans, antèman, reparasyon kay, garanti, taks, tikè pakinn, taks, privilèj, peman kat kredi, acha rad, jwèt pou nwèl, frè legal, bòdwo entènèt oswa kab, abònman klib, ipotèk, depo sekirite oswa dènye mwa lwaye.

ToCD jeneralman pa kapab ede nan ika aryere yo—bòdwo a dwe deja anreta.

**Remak:** ToCD a se yon “ajans dènye rekou” e yo dwe kontakte yo sèlman apre aplikan an eseye chache asistans nan lòt ajans byenfzans ak/oswa pwogram yo.

Si w bezwen èd pou w konplete aplikasyon w, tanpri kontakte ToCD pa telefòn: (617) 635-2131 oswa imèl: [tocd@boston.gov](mailto:tocd@boston.gov).

Voye aplikasyon an KREYÒL AYISYEN pa lyen sa ak: [boston.gov/tocd](https://boston.gov/tocd)